



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FAMASI YO KA VAKSINEN NOUYÒKÈ KI GEN KOMÒBIDITE YO KOUNYE A

Famasi yo ka vaksinè Nouyòkè ki gen komòbidite ki gen plis pase 60 an ak pwofesè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo enstriksyon te deplwaye ki pèmèt famasi yo vaksinè Nouyòkè ki gen komòbidite yo. Anvan, famasi yo te kapab vaksinè Nouyòkè ki gen plis pase 60 an ak pwofesè yo.

"Nouyòkè ki gen komòbidite yo pami rezidan ki gen plis risk eta nou an, e aksè nan vaksen COVID-19 la pwoteje popilasyon vilnerab sa pandan n ap travay pou defèt viris la epi etabli nouvo nòm la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan New York ap resevwa plis dòz epi plis moun ap resevwa vaksen an, nou kapab ogmante popilasyon famasi yo ka sèvi yo, e sa se yon etap bon sans k ap ede rann li pi fasil pou pwoteje Nouyòkè yo."

Nouyòkè ki gen komòbidite oswa pwoblèm sante ki akonpaye yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Nouyòkè ki gen laj 16 ane oswa ki pi gran ki gen pwoblèm ki annapre yo kalifye pou vaksen yo akòz risk ki ogmante pou maladi modere oswa grav oswa lanmò nan viris ki lakòz COVID-19 la:

- Kansè (ki ankou oswa ki nan rekiperasyon, gen ladan kansè ki gen rapò ak 11/09)
- Maladi ren kwonik
- Maladi pilmonè, sa gen ladan pami lòt bagay, maladi pilmonè obstriktiv kwonik (chronic obstructive pulmonary disease, COPD), opresyon (lejè rive nan grav), fibwoz pilmonè, fibwoz kistik, ak maladi pilmonè ki gen rapò ak 11 septanm
- Andikap Entelektyèl ak Devlopmanntal, gen ladan Sendwòm Down
- Pwoblèm kè, ki enkli men ki pa limite ak ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati, oswa tansyon (tansyon wo)

- Eta iminitè defisyan (sistèm iminitè fèb), sa gen ladan pami lit bagay grèf ògàn solid oswa grèf san oswa mwèl zo, defisyans iminitè, VIH, itilizasyon kòtikostewoyid, itilizasyon lòt medikaman ki febli sistèm iminitè a, oswa lòt kòz
- Gwosè Grav (endis mas kòporèl [body mass index, BMI] 40 kg/m²), Gwosè (BMI omwen 30 kg/m² men < 40 kg/m²)
- Gwosès
- Anemi falsifòm oswa Talasemi
- Dyabèt mellitus tip 1 oswa 2
- Maladi vaskilè serebral (ki gen konsekans sou veso san yo ak san k ap antre nan sèvo a)
- Pwoblèm newolojik, sa gen ladan pami lòt bagay Maladi Alzheimer oswa demans
- Maladi fwa

Nan dat 9 mas la, Gouvènè Cuomo te anonse ke avèk apwovizyonman vaksen ki ogmante a, [restriksyon ki konsènen ki segman nan popilasyon ki kalifye a, founisè presi yo ka vaksinen](#) ap fleksib pou ale nan menm sans ak kalifikasyon ki elaji a apati 17 mas. Anvan sa, yo te mande kèk founisè pou konsantre efò vaksinasyon yo sou popilasyon espesifik yo pou asire distribisyon vaksen ekitab. Pa egzanp, lopital yo te vaksine travayè swen sante yo, depatman sante lokal yo te vaksine travayè esansyèl yo epi famasi yo te vaksine Nouyòkè ki gen 65 ane oswa plis yo. Kòm yon pati nan efò sa a, yo ankouraje founisè yo vaksine Nouyòkè sa yo ki gen plis risk, tankou moun ki gen 60 ane oswa plis ak moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo ak maladi ki akonpanye yo. Anons jodi a apiye efò sa yo plis.

Eta New York te kontinye ogmante elijibilite pou vaksen COVID-19 la epi etabli sit vaksinasyon an mas ak sit tanporè pou distribye li. Gouvènè Cuomo te anonse anvan ke apati 10 mas, tout Nouyòkè ki gen 60 ane oswa plis ap kalifye pou resevwa vaksen an, pandan ke travayè esansyèl yo nan antite gouvènmantal ak òganizasyon san bi likratif yo ki fè fas a piblik la te vin kalifye apati 17 mas. Ekspansyon sa a gen ladan tou travayè esansyèl nan sèvis batiman piblik yo.

Nan dat 17 mas, Gouvènè a te anonse [randevou yo ouvri](#) nan 10 sit vaksinasyon an Mas eta a jere atravè eta a. Nan dat 18 mas, Gouvènè Cuomo [te anonse 16 sit vaksinasyon kominotè tanporè](#) ap vini anliy pandan semèn pwochèn nan legliz, nan sant devlopman lojman piblik ak kominotè yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,500 moun pandan tout semèn lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)